

Kesyon Moun Poze Souvan

Ki kritè elijiblite ki genyen pou Pwogram Koupon Chwa Lojman (“HCV” oswa “Seksyon 8”)?

Repons: Elijiblite pou yon kupon lojman baze sou total revni anyèl brit ak kantite moun ki nan fanmi an epi li limite ak sitwayen Ameriken ak kategori presi pou moun ki pa sitwayen men ki genyen sityasyon imigrasyon ki elijib. An jeneral, revni fanmi an pa kapab depase 50% nan revni mwayen pou konte a oswa pou zòn metwopoliten an kote fanmi an chwazi viv la.

Kilè mwen ka aplike?

Repons: Yon aplikasyon preyalab pral disponib lè lis datant lan louvri.

Èske tout moun ka aplike pou kapab sou lis datant lan?

Repons: Wi. Tout moun genyen yon opòtinite egal pou aplike pou lojman. Omwen yon manm fanmi ki mansyone nan aplikasyon an dwe yon sitwayen Ameriken oswa imigran legal pou kapab elijib epi chèf fwaye a dwe genyen 18 lane ak plis pou aplike.

Kijan mwen ka aplike pou Pwogram Seksyon 8 la?

Repons: Aplikasyon preyalab yo dwe soumèt sou entènèt nan <https://hialeahHousing.Housingmanager.com>. HHA a pral ede fanmi ki pa genyen aksè ak yon òdinatè, nan John F Kennedy Library 190 W 49th Street, Hialeah Florida 33012 nan jou louvèti a. Si ou bezwen aranjman ki rezonab pou aplike, tanpri kontakte Leyda Halphen nan (786) 257-3526 oswa pa imèl nan hhara@hialeahhousing.org.

Kijan mwen pral konnen kilè lis datant lan louvri?

Repons: Avi pou louvèti lis datant yo pral afiche nan <https://www.hialeahHousing.org>. Nou ankouraje w pou siveye sit entènèt nou an pou jwenn mizajou yo.

Kijan m ap konnen si aplikasyon mwen an te reyisi?

Repons: Nan fen yon pwosesis soumisyon ki reyisi, ekran ou an pral montre yon nimewo konfimasyon. (Egzanp: A1234567)

Konbyen kandida yo pral chwazi pou Lotri a?

Repons: 2,500 aplikasyon pral chwazi sou chans nan tout aplikasyon preyalab ki te soumèt ak siksè.

Kijan m ap konnen si yo te seleksyone m nan lotri a?

Repons: Yo pral enfòmè tout kandida/fwaye ki seleksyone nan lotri a pa lapòs. Lè ou seleksyone nan lotri a sa pa vle di yo pral apwouve w pou jwenn asistans.

Kisa ki te ka fè m pa elijib pou Pwogram Seksyon 8 la?

Men kèk rezon ki t ap fè w pa elijib pou patisipe nan pwogram nan:

Pase Kriminèl:

HHA a verifye pase kriminèl tout kandida yo. Si li montre ke kandida yo gendwa pa yon lokatè ki apwopriye selon politik HHA a, aplikasyon yo a kapab refize. Yo otomatikman refize kandida yo pou sèten krim, ki genyen ladan:

- Fabrikasyon ak pwodiksyon Metanfetamin nan Lojman piblik oswa yon lòt kote
- Agresyon seksyèl ki mande anrejistreman agresè seksyèl

Byenke dosye kriminèl p ap otomatikman anpeche yo konsidere yon kandida, li se yon kritè enpòtan. Pandan detèminasyon elijiblite a, HHA pral konsidere dosye arestasyon yon kandida ak sikonstans pou rediksyon risk tankou reyabilitasyon ki fèt ak siksè.

Sitiyasyon Imigrasyon:

Ou pa bezwen yon sitwayen Ameriken pou aplike pou lojman, men yon fanmi bezwen genyen omwen yon manm nan konpozisyon famiyal la ki se yon sitwayen Ameriken oswa genyen yon sitiyasyon imigrasyon ki elijib pou resevwa asistans lojman selon regleman U.S. Department of Housing and Urban Development (Depatman Etazini pou Lojman ak Devlopman Iben "HUD").

Dèt moun nan dwe yon Otorite Lojman Piblik:

Tout dèt nan HHA a oswa nenpòt otorite lojman piblik pral anpeche fwaye ki kandida a reyisi aplike jiskask li peye tout dèt la.

Yon ansyen anilasyon nan pwogram nan:

HHA a pral refize aplikasyon yo si yo te mete fen pou nenpòt manm nan fwaye a selon nenpòt pwogram Seksyon 8 nan senk (5) dènye senk lane yo.

Pa rive bay enfòmasyon:

Fanmi an pa rive bay enfòmasyon ke HHA oswa HUD a detèmine ki nesesè.

Fo Enfòmasyon

Fanmi an pa bay enfòmasyon ki konplè ak enfòmasyon ki vrè.

Èske genyen nenpòt frè aplikasyon?

Repons: Non. Pa janm genyen yon frè pou aplike. Tanpri pa bay okenn lajan oswa okenn enfòmasyon pèsonèl bay nenpòt òganizasyon ki kapab kontakte w.